



City of Boston
Mayor Martin J. Walsh

Chè vwazen,

Gen lontan ke Boston se yon lidè nan aksyon sou klima. Kòm yon vil ki nan kòt, nou se pozisyon pa devan pou nou enpakte pa klima tankou lè lanmè monte ak inondasyon. Nou deja wè kòman chanjman sa yo afekte kominote koulè nou yo, kominote kote pa gen anpil lajan, ak lòt popilasyon ki vilnerab sosyalman, plis a pi fò. Nan ane ki fèt sot pase yo we pran anpil aksyon pou redwi emisyon ki koze chanjman nan klima, e pou nou pwoteje katye pou yo pa afekte pa chanjman klima, nou konsantre sou popilasyon ki plis a ris.

Pandemi COVID-19 la ranfòse enpòtans pou nou planifye pou yon fiti, pou nou asire nou ke desizyon nou yo santre sou syans ak done, e pryorize sante piblik nan tout bagay ke n'ap fè. Pandan ke n'ap vane nan konsantrasyon nou nan dirabilite ak ekite, nou fyè pou no pran pwochen etap nou pou pi bon efikasite pou enèji.

Pou nou kapab ba nou elekrisite ki sen, abòdab, e renouvlab a rezidan e biznis yo, nou kòmanse yon pwogram **Elekrisite de Chwa pou Kominote a**. Pwogram sa ap pèmèt Bil Boston an pou li kapab sèvi ak pouvwa pou achte tout moun pou yo kapab achte elekrisite ki abòdab e renouvlab, e delivre elekrisite nan yon jan ki sen e konvenyan pou tout kliyan. Plis nou gen kliyan nan pwogram lan, plis nou kapab pote enèji ki renouvlab nan vil nou an. Pwogram lan ap pèmèt pou rezidan yo gen pi bon kontwòl nan fiti enèji yo paske yo mete pouvwa desizyon yo nan men yon antite piblik, Vil Boston. Byenke pwogram lan pa kapab garanti pou li ekomomize lajan, Vil Boston an angaje li pou li travay pou pri elekrisite ki abòdab e ki stab.

Materyèl ke nou mete la enkli enfòmasyon ki enpòtan pou konsidere lè w'ap deside si ou vle achte elekrisite'w a travè Pwogram Elekrisite de Chwa Kominote a. Vil Boston ap kontinye voye mizajou sou pwogram sa ak opsyon ou yo. Ou kapab vizite boston.gov/community-choice-electricity oubyen rele 3-1-1 pou plis enfòmasyon sou pwogram lan ak chwa ki prezante nan Fòm Avi pou Konsomatè yo.

Boston deja youn nan vil ki efisyan nan enèji nan Etazini, ak kòmansman pwogram Elekrisite de Chwa se yon etap enpòtan pou ede nou pou nou kapab rive nan gòl nou pou nou netralize kabòn pa 2050. Mwen envite'w pou konsidere pati sa de pwogram lan pou kapab asire yon fiti ki pi resistan, e dirab pou Boston.

Sensèman,

Martin J. Walsh

Majistra Boston



City of Boston
Mayor Martin J. Walsh

Pou aprann plis nan pwogram Elektrisite de Chwa Kominote ak kòman li kapab benefisye'w tanpri rejwenn nou nan youn nan seminè nan entènèt nou yo ke nou pwograme.

Seminè sou entènèt sa yo ap prezante an Anglè ak entèpretasyon nan lang ki plis pale nan Vil Boston, Siy langaj Ameriken, ak sèvis CART (egz "ekriti pa anba") Seminè sou entènèt sa yo ap enkli session Kesyon & Repons. Pou plis rekèt akomodasyon, tanpri kontakte aidan.smith@boston.gov.

Dat	Lè	Sèvis Aksesabiilite ke nou bay
Lendi, 14 Desanb	12 - 1 pm	Espanyòl, Ris
Lendi, 14 Desanb	6 - 7 pm	Kreyòl Kap Vè, Vyetnam
Madi, 15 Desanb	12 - 1 pm	Pòtigè, Arabik, CART
Madi, 15 Desanb	6 - 7 pm	Mandaren, Fransè
Jedi, 17 Desanb	12 - 1 pm	Kreyòl Kap Vè, Vyetnam
Jedi, 17 Desanb	6 - 7 pm	Espanyòl, Ris, CART
Lendi, 14 Desanb	12 - 1 pm	Kreyòl Ayisyen, Kantonè, ASL
Dimanch, 20 Desanb	6 - 7 pm	Kreyòl Ayisyen, Kantonè
Lendi, 21 Desanb	12 - 1 pm	Mandaren, Fransè
Lendi, 21 Desanb	6 - 7 pm	Pòtigè, Arabik, ASL
Lendi, 4 Janvyè	6 - 7 pm	<i>Baze sou rekèt kominikasyon</i>

Pou kapab anrejistre pou seminè sou entènèt yo, vizite <https://bit.ly/38Udh8i>



VIL BOSTON

PWOGRAM ELEKTRISITE DE CHWA POU KOMINOTE A AVI POU KONSOMATÈ

4 Desanb 2020

Chè Konsomatè Sèvis de Baz:

Vil Boston trè kontan pou li anonse ke yo chwazi **Constellation NewEnergy, Inc** (“Constellation”) pou pwogram Elektrisite de Chwa pou kominote a (“Pwogram”). Pwogram sa se yon agregrasyon minisipal ki pèmèt gouvènment lokal la pou li konbine jan ke rezidan yo achte ak plizyè biznis pou yo kapab ba yo yon altènativ a Sèvis De Baz Eversource (M.G.L. c. 164, § 134). Pwogram sa ap sèlman afekte pòsyon Pwovizyon de bil ou pou mwa. Li pap afekte pòsyon livrezon de bil mwa ou. Eversource ap kontinye ba'w elektrisite men Boston ap chwazi ki konpayi kap founisè pou Pwogram lan. Constellation ap bay elektrisite a tout moun ki genyen Sèvis de Baz Boston. Lèt sa la pou li pale'w de Pwogram pou kijan ou resevwa elektrisite. An akòdans a lwa leta, li enfòmè'w de dwa'w ak opsyon'w si ou chwazi pou pa patisipe nan Pwogram sa.

- ✓ **N'AP ANROLE'W OTOMATIKMAN NAN PWOGAM SA, A MWENS KE OU CHWAZI POU PA PATISIPE E OU RETIRE TÈT OU.**
- ✓ **OU SIPOZE REPONN NAN 11 JANVYE 2021 SI OU CHWAZI POU NOU PA ANROLE'W.**

OU PAP WÈ OKENN CHANJMAN NAN SÈVIS ELEKTRISITE'W. Sèl diferans ke w'ap wè sè ke Constellation ap ekri anba seksyon "Supplier Services" de bill pou mwa ou. W'ap kontinye resevwa yon bill de Eversource. W'ap kontinye voye peman ou bay Eversource. Eversource ap kontinye reponn ou pou ijans, li kontè yo e antretni liy distribisyon ak liy transmisyon yo. Fyabilite ak kalite sèvis la ap rete menm jan. An plis, w'ap kontinye gen tout dwa a pwoteksyon ke kliyan nou yo genyen.

KONPAREZON PRI AK TÈM YO

	Pwogram Boston* (Sèvis Founisè a Sèlman)			Eversource (Sèvis Founisè a Sèlman)
	STANDA	BAZ OPSYONÈL	GREEN 100 OPSYONÈL	SÈVIS DE BAZ
Pri				
Rezidansyèl	\$0.11409 pa kWh	\$0.10959 pa kWh	\$0.14764 pa kWh	\$0.11882 pa kWh
Ti C&I	\$0.11409 pa kWh	\$0.10959 pa kWh	\$0.14764 pa kWh	\$0.11173 pa kWh
Mwayèn & Laj C&I	\$0.11409 pa kWh	\$0.10959 pa kWh	\$0.14764 pa kWh	\$0.11423 pa kWh
Limyè lari	\$0.11409 pa kWh	\$0.10959 pa kWh	\$0.14764 pa kWh	\$0.11173 pa kWh
Kontni pou Enèji Renouvlab	10% Klass I MA mande plis ke minimum kondisyon ke leta mande	Satisfè kondisyon ke enèji renouvlab MA mande	100% Klass I MA Oblgatwa	Satisfè kondisyon ke enèji renouvlab Massachussetts mande
Dire	Fevrye 2021 - Novanb 2021 <i>[Pri yo aplike a sèvis nan kòmansman ak fen nan jou mwa ke nou li kontè nan kote nou ba'w sèvis.]</i>			1 Janvye, 2021 - 30 Jwen, 2021 <i>[Pri Rezidansyèl, Ti biznis ak Limyè Lari chanje chak 6 mwa. Pri pou Biznis ki moyèn ak biznis ki gwo chanje chak 3 mwa.]</i>
Tèm pou soti	PA GEN CHAJ			Ou kapab resevwa yon chaj pou rekonsilyasyon oubyen yon kredi <i>[Gwo biznis sèlman]</i>

*Pri yo enkli (1) Frè konsiltan a \$0.0007 pa kWh pou fasilite Pwogram Elektrisite de Chwa pou Kominote Boston an e (2) Ajoute yon pri operasyonèl de \$0.00008 pa kWh pou kapab finanse kòb ki asosye ak pozisyon Manajè Enèji pou vil la.
* Pri an kapab ogmante a koz de chanjman nan lwa ki vin fè yon ogmantasyon nan pri yo pou tan ke kontra dire.

ENFÒMASYON ENPÒTAN

- Lè nou lanse Pwogram lan, Pri Agregasyon Rezidansyèl, ak biznis ki gwo e Mwayèn ap mwens ke pri Sèvis de Baz pou Eversource. Pri agregasyon an fikse pou 9 mwa (Fevrye 2021 a Novanb 2021) pandan ke Pri Sèvis de Baz Eversource chanje de fwa pa ane, an Janvye ak Jiyè. Kòm rezilta, pri agregasyon an gen dwa pa toujou pi piti ke pri Sèvis de Baz Eversource. Gòl agregasyon an se pou li ede ekonomize pandan ki Pwogram lan la kont pri Sèvis de Baz Eversource. Men, **NOU PA KA GARANTI EKONOMI SA YO AK EKONOMI NAN FITI.**
- Pa gen **OKENN CHAJ SI OU RETIRE TÈT OU** de Pwogram lan e retounen nan Sèvis de Baz Eversource.

« GADE DÈYÈ POU PLIS ENFÒMASYON »

SI NOU VOYE AVI SA BA OU NAN MÈL OU ou pa bezwen pran okenn aksyon pou patisipe nan Pwogram sa.

TOUT KLIYAN SÈVIS DE BAZ YO ki resevwa avi sa ap anrole OTOMATIKMAN nan Pwogram lan e ap kòmanse benefisye de pri agregasyon an nan kòmansman jou nan mwa Fevrye 2021 ke yo li kontè'w. Jou ap varye depandan de kote ou ye. Jou ke yo li kontè'w ap parèt nan bil ou.

GADE BIL EVERSOURCE OU POU PLIS AVI de Pwogram lan.

- Bil Fevrye 2021 a ap montre ke y'ap chanje'w a Pwogram Boston an.
- Nan Bil Mas 2021 an l'ap montre Founisè Boston ak pri agregasyon anba "Supplier Services".

PLAN KI BIDJETE OUBYEN KLIYE KI KALIFYE POU PRI MOUN KI PA FÈ ANPIL LAJAN ap kontinye resevwa benefis sa yo de Eversource.

PANO SOLÈ AK KLIYAN NAN KOMINOTE SOLÈ YO ap kontinye resevwa benefis pou kontè yo oubyen kredi nan bil yo pandan y'ap resevwa elektrisite nan Pwogram lan e nou pap chanje valè kredi yo pandan y'ap patisipe nan pwogram lan.

TOUT TAKS KI APLIKAB AP NAN BIL LA kòm chaj de Founisè Elektrisite. W'ap responsab pou bay dokiman ki nesesè pou idantifye e mande yon egzanpsyon de taks yo.

TI BIZNIS KI GEN EGZANPSYON POU TAKS dwe emèl oubyen fakse kopi Sètifikat Egzanpsyon enèji yo dirèkteman bay Constellation nan CNETaxForms@constellation.com oubyen (877) 243-4968 (faks) pou yo kapab kenbe stati egzanpsyon yo.

SI OU GENTAN CHWAZI YON FOUNISÈ KI SE YON KONPETITÈ POU TÈT OU ou dwe retire tèt ou nan Pwogram sa. Sa ap asire ke ou kontinye resevwa elektrisite'w nan men Konpetitè sa.

SI OU GENTAN CHWAZI YON OPSYON VÈT POU FOUNI'W ELEKTRISITE A TRAVÈ EVERSOURCE patisipasyon'w nan pwogram lan pap afekte patisipasyon pou resevwa Elektrisite'w nan opsyon vèt.

SI OU PA VLE PATISIPE NAN PWOGRAM SA OU ou kapab: 1) Retire tèt ou e kontinye peye pri Sèvis de Baz Eversource la; oubyen 2) Retire tèt ou e kontinye ak pwòp Founisè ou (si youn disponib a ou menm).

KÒMAN POU RETIRE TÈT OU

- Siyen e voye kat pou retire tèt ou a nan envlòp ki deja peye ke nou voye ba ou; **OUBYEN**
- Visite boston.gov/community-choice-electricity e clike nan opsyon pou retire tèt ou, epi ranpli e soumèt Fòm pou retire tèt ou; **OUBYEN**
- Rele Constellation nan (833) 930-3161 e mande pou rete nan Sèvis de Baz Eversource.

NENPÒT KILÈ APRE ANROLMAN ou kapab retire tèt ou SAN CHAJ. Li kapab pran plizyè bill anvan pou retounen nan Sèvis De Baz Eversource. Si ou chwazi pou retire tèt ou nan premye anrolman, ou kapab soumèt fòm pou retire tèt ou nan boston.gov/community-choice-electricity **OUBYEN** rele Constellation nan (833) 930-3161 e mande pou yo mete'w nan Sèvis de Baz Eversource.

POU KAPAB CHWAZI YON PWODWI DE BAZ OUBYEN YON PWODWI AK 100% ENÈJI KI RENOUVLE DE NEW ENGLAND vizite boston.gov/community-choice-electricity oubyen ou kapab rele Constellation at (833) 930-3161 e mande pou yo anrole'w nan youn nan sèvis sa yo:

- **Pwodwi de Baz Opsyonèl Boston** satisfè kondisyon pou Enèji renouvlab Massachussetts. Nou ofri pwodwi sa a \$0.10959 pa kWh pou 9 mwa (Fevrye 2021 a Novamb 2021).
- **Pwodwi Green 100 Opsyonèl** bay 100% Klass I ke MA rekòmande paske li achte 82% plis Sètifika Enèji Renouvlab (REC) ki plis ke sa Eta mande pou enèji renouvlab sa yo. Nou ofri pwodwi sa a \$0.14764 pa kWh pou 9 mwa (Fevrye 2021 a Novamb 2021).

POU PLIS ENFÒMASYON DETAYE konsènan Pwogram Boston an, tanpri vizite boston.gov/community-choice-electricity ou byen rele nou gratis nan (855) 402-5868. Pou aprann plis de Constellation, tanpri vizite constellation.com/ma-boston.

POU KAPAB GEN AKSÈ A PRI POU SÈVIS DE BAZ EVERSOURCE tanpri vizite:

- Pri Rezidansyèl – eversource.com/content/ema-c/residential/my-account/billing-payments/about-your-bill/rates-tariffs/basic-service.
- Pri Biznis – eversource.com/content/ema-c/business/my-account/billing-payments/about-your-bill/rates-tariffs/basic-service.

Colonial Power Group, Inc se yon konpayi konsiltan ke Vil Boston an chwazi nan yon baz konpetitif pou fasilite Pwogram Elektrisite de Chwa pou Kominote a.



PWOGRAM ELEKTRISITE DE CHWA POU KOMINOTE BOSTON KAT POU RETIRE TÈT OU

Adrès pou Sèvis

Kòd pou retire tèt ou

Si ou vle patisipe nan Pwogram Elektrisite de Chwa pou Kominote Boston, ou pa bezwen fè anyen. N'ap anrole ou otomatikman.

Enstriksyon pou Retire Tèt ou

Si ou pa vle patisipe:

- 1) Siyen e date
- 2) Mete li nan anvlòp nou ba ou a
- 3) Voye li pa lapòs

Moun ki dwe siyen kat la si moun ke non'l ak adrès li parèt sou kat la.

Dènye dat pou anvlòp la genyen se 11 Janvyè, 2021 pou retire tèt ou nan Pwogram lan anvan ke nou anrole'w otomatikman.

X

Siyati

Dat

No Kont lan: